Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет
Гумбет районалъул газета

№ 22 (6542) 24 апрель 2017 с. Итни Ражаб 1438 с. Багьа 5 гъур.

ТIИБ

## Сибиралъул, Конгоялъул ва цоги унтабазда данде

**Гумбет районалда гьоркьоб лъуна рахунел унтабазул суал**

**17 апрелалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель, санитариябгун рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул председатель ХIайбула ГIабдурахIмановасул нухмалъиялда тIобитIана данделъи.**

Гьоркьор лъуна «2017 соналъул тIоцебесеб кварталалда, районалда рахунел унтабаз унтиялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ», «Районалъул ракьалда тIури щвеялъул унти гьукъиялъе тадбиразул хIакъалъулъ», «Дагъистан Республикаялда Сибиралъул язва



унти баккиялдаса цIуниялъул хIакъалъулъ ДРялъул бетIерав санитарияв врачасул № 6 (03.02.2017 с.) хIукму тIубаялъе тадбиразул хIакъалъулъ», «Сус унти (корь) тIибитIиялдаса цIуниялъул хIакъалъулъ» ва цогидалги суалал.

Данделъиялда кIалъазе рахъана ва гьоркьор лъурал суалазул кIвар буголъиялъул, рахунел унтабазда цIуниялъе, гьел тIиритIизе риччангутIиялъе гьаризе кколел тадбиразул бицана районалъул ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев **ГIали ГIалиевас**, районалъул больницаялъул бетIерав тохтур **МухIамад СайгидахIмадовас**, врач-фтизиатр **Халисат ГIалиевалъ,** районалъул педиатр **Марьям Жанахъаевалъ.**

Данделъиялда кIалъарав санитариябгун рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна рахунел унтаби районалда тIиритIичIого рукIиналъе гIадамазда гьоркьоб бичIчIикьеялъул хIалтIи жеги лъикI гIуцIизе ккелин, унтаби ракки гьукъи гьеб сахгьабиялдаса учузго чIолин. КIалъаялда тIадчIей гьабуна гIи-боцIи бичун босулаго туберкулез, бруцеллез ва цогидалги рахунел унтаби ругищан цIех-рех гьабиялде, гьел унтабазда-са рацIцIадал рукIиналъул мухIканлъи чIезабиялде кIвар кьезе ккеялде.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## «Бокьа ва лъазабе гIагараб ракь»

**Бакълъулазул вакилзаби республикаялъулаб гIелмиябгун практическияб конференциялда**

**ГIахьвахъ районалъул КIаратIа росулъ тIобитIана ДРялъул мустахIикъав учитель, жамгIияв хIаракатчи ГIалибег ХIайбулаев гьавуралдаса 75 сон тIубаялъул хIурматалда республикаялъулаб гIелмияб практикияб конференция. Гьенир рорхана школалъул туризм, гIагараб ракь лъазаби цебетIезабиялда хурхарал суалал.**

Конференциялда гIахьаллъана Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул методист **ГIабдула МухIамадов,** МелъелтIа аслияб школалъул



тарих гIелмуялъул мугIалим **Рамазан ГIабдурахIманов,** лъималазул творческияб рукъалъул нухмалъулей **Заира Базарганова,** гьебго идараялъул кружоказул нухмалъулел **ГIащат Жамалудинова, ГIайшат МухIамадова,** ДДТялъул цIалдохъан **Мадина Ахкубегова.**

Конференциялда доклад гьабуна ГIабдула МухIамадовас. 8-9 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIана «Бокьа ва лъазабе гIагараб ракь» абураб викторина. Конкурсалда лъикIаб хIасил бихьизабурай МелъелтIа гьоркьохьеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан Мадина Ахкубеговалъе кьуна кIиабилеб даражаялъул диплом.

Бакълъулазул делегациялъ гIахьаллъи гьабуна школалъул туризм ва гIагараб ракь лъазаби цебетIезабиялда бан тIабигIаталда хурхарал масъалаби гьоркьоб лъураб гургинаб столалда, щвана КIаратIа росдал сверухъълъиялда ругел тIабигIат берцинал бакIазде, шагIир Машидат Гъайирбековалъул литературияб музеялде.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Дуниял цIунулеб рагIи анищ цо...

-3 гьум.



Лъай кьуралъухъ, «Букварь», баркала дуе

-3 гьум.



МагIишат гIуцIулезе кумекалъе

-3 гьум.

БЕТIЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# Чурун болъон бацIцIунаро

## Нилъер, чияр чи лъазе...

**МагIарул мацI цIунизе ккеялъул бицунел ва нилъер рахьдал мацIалъул рахьалъ гIумруялъ хьихьарал цо-цо хIарамзадаби, чудкалги гIангурбацIалги гIадин, эркенаб «Миллат» басмаялде тIаде гуризе бокьун руго кидаго. Авар мацI, тарих ва адабиятгун маданият церетIеялъе килищалда килищ кIутIарабгIанасеб хIалтIиги гьабичIого, магIарул мацIалда хIалтIулел идараби анцI-анцI соназ чурхъулел ругел цIогьал рукIуна, борхьал кинигин, рукIназухъан хьирхьидулел. Цогидал рортачагIи ва торгIо кколеб къавм цебе гъола гьез, «чорокаб иш» гьабизе, гьурал жанир рахъулел чIорогоял жидер гванг-варабазда жаниб цониги пикру загьирлъизе рес гьечIолъиялъ.**

Гьел пикруялъул ва хъвадариялъул импотентал, евнухал руго анцI-анцI соназ пачалихъалъул моцIу хахулел. ГъутIбузда чIарал чIегIергъудул гIадин, гIадамазде тIаде гъиз щвалел.

Улкаялда ва Дагъистаналда хиса-басиял ва багъа-бачари байбихьидал, цIерда хIамул гIадин, чIун рукIана гьел лотаби, кьандир рачIчIалги къазарун. Бищун цIикIкIун гьел хIинкъун кIущулдизарулел чагIиги рукIана, авар халкъалъул ургъел гьабун къватIире рахъине хIадурал, миллаталъул тIалаб тIобитIизе таваккал гIурал гIадамал.

Дагъистаналда ругел магIарулазул гурелги, Азербайжаналда, Грузиялда ругел авараздулги мурадал цIунулаан мунагьал чураяв ХIажи МахIачевас бетIерлъи гьабулеб МагIарул фронталъ. Гьеб идара гIуцIизе ккана, Дагъистаналъул цоги халкъаз магIарул халкъалда данде чабхъенал байбихьиялъ. Гьеб фронталъ чIезаруна аварал рихарал гавурал. Хадуб-ккун МахIачевас кинаб сиясат бачун батаниги, дол соназда гьес гьабураб хIалтIи магIарул миллаталъе хIажатаб букIана.

Жакъа «Миллат» басмаялда данде гаргадулелщинал аваралилан рижарал цо-цо чагIи XX гIасруялъул 90-абилел соназда МагIарул фронталда тIасанги кIалъалаан… жиде-жидер богорукъзабахъ (гьезул жидерго ракIалдещвеялда рекъон).

Салул авлахъалда, нахъияб рахъги гIебеде битIун, бетIерги салулъ къазабун, чIараб страусалъул рагъари буго гьел «бахIарзазул» - жидедаго гьунарги гьечIел, иш гьабулелги рихарал тухьулабазул. Наккдада регарал гьабзазул мисалалда, тIепун чIун руго.

Рохьоб цIа рекIараб мехалда, гъутIбиги къотIун, гьелда дандеги цIадул мухъ гьабула. Къавудаялъ чи унтаравго, гьеб гIузруялъул дагьаб къадар вакцинаялъулъ чорхъолъе биччала. ЛъутI лъутIалъ бахъула. ЦIукIаял гIанкIалги ччугIбиги тIерелел рукIуна, цоги жанавараз жал къулчIизегIан. «ЧIаго рукIагоги – сородун, холелъулги – сородун».

«Нилъер, чияр чи лъазе, чи чIвалареб кьал ккаги», - абун магIарул аби буго. Гьаб ахираб заманалда цIакъго лъикI бичIчIана гьеб кициги гьури бахъарабщинахъе щапдолел цо-цо «аваразул» загIиплъиги.

«Миллат» басмаялда дица рахъарал макъалаби руго магIарул халкъалъул ургъалида, нилъер гIаммал масъалаби рорхун, хъварал мухъал. Къанунazда данде кколареб мухъги гьениб гьечIо, къанунги республикаялъул ва пачалихъалъул цолъиги цIунун хъварал гурони. Цо-цо лагъзадерие бокьун букIана рагIаби цIацIазе ва шайтIабазул гьурал рагъаризаризе, «Миллат» газеталде гьужум гьабизе.

Гьеб аварал рихараб къокъаялъе къабулав цониги сахав магIарулав ватулев гьечIо – Шамил имам какула, ГIабдурахIман Даниялов какула, Расул ХIамзатов какула. Гьединаб руккелалъ дунго какунилан, щибго пашманлъизе бачIунаро. Гьез веццаравани, ракIбакъвазе гIилла букIинаан.

Щай рахьдал мацIалъул цIаралда цIирцIидулел хъамалчагIазда гьадигIан цIакъ, ракI-ракIалъго «Миллат» басма рихараб бугеб? Щайгурелъул, «Миллат» басма букIиналъ, къватIиб чIвазабулеб буго гьел магIарулалъ хъвадарулелилан ругел, пачалихъалъ хьихьарал эливашазул чIобоголъи, пайда гьечIолъи. Адабияталда буго гIадамазе нух бихьизабурав Данкол ракI чIинтIарав хъурумсахъил сипат. Гьединго, агълу гуреб къавм цо бакIалде ккани, гьез кодобе щвараб жоялда лал тIамула ва иш бажарулезде хIапдола.

Чанго номерги биччан, «Миллат» басма къалин хьул букIана гьел церетелзабазул. Амма гьале анлъго соналъ щибаб анкьалда къватIибе бачIунеб буго «Миллат». Азарабго баркала буго «Миллат» цIалулезе, бокьулезе. Редколлегиялда ва басмаялда бугьтанал лъолел, миллатчилъиялъул ва цоги цIарал «Миллаталда» рекIинаризе хъетIолел цо-цо чакъалалги руго. Гьедин бугониги, магIарулазул пикру, мурад, масъала «Миллат» басмаялъ загьир гьаризе руго, кигIан цIакъ гьел рухIчIаголъаби гIергIеданиги.Авар халкъги, тарихги, мацIги, маданиятги хириял гIадамазе нилъер мацIалда басмаби цIикIкIинеги бокьула, цIиял газетазе ва журналазе кумек гьабизеги роpтула. КIалалъ «магIарул мацI цIунизе ккола» абунги бачун, нахъияб рахъалъ гьеб мацI хвезабулел ва мацIалъул цIаралдасан цIогьодулеб тайпа жахIдаялъул цIаялъ бухIулебги букIуна.

XX гIасруялъул 90-абилел соназдаса хадур рахъана «Сабаб», «Имамат» журналал, «МагIарулал», «ЖамагIат», «Заманалда цадахъ», «Аваристан» ва цогидалги казиятал. Гьезги жидерго бакI ккуна нилъер миллияб тарихалда ва печаталда жаниб. Амма цо-цоязе гьеб хIужа бихьизе бокьун гьечIо, хIамузда кIуртул гIадин, жалго жидедаго берцин рихьун, цогидал рихьулареб ххвелал гьарулел руго. Халкъалда кинабго бихьула.

Гьединаб чIамучIаб, чIобогояб, гьодораб, нахъегIанаб къавмалъул хIакъалъулъ гьадинал рагIаби нахъе тана авар адабияталъул классик Инхоса ГIали-хIажияс: «Чурун болъон бацIцIунаро, гохIда гьабун хIор чIоларо, къан хIамил рачIчI букIунаро».

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 72 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Бакълъулал КIудияб ВатIанияб рагъда ва тылалда

**КIудияб ВатIанияб рагъда Гумбет районалдаса 1380 чи гIахьаллъана. ТIадвуссинчIо 866 чи. Тушманасда данде бахIарчилъиялда рагъулел районцоязеги, Советазул улкаялъул цогидал рагъухъабазеги кумекалъулаб квер бегьана росабазул гIадамаз – херазги, руччабазги, школлъималазги. Росабалъ гIуцIун рукIана БагIараб Армиялъул рагъухъабазе сайгъатал ракIариялъул ва гьезие посылкаби ритIиялъул комиссиял. Масала, районалъулаб комиссиялда гьоркьор рукIана партиялъул райкомалъул секретарь Пирбудагъ ГIалиев, рагъулаб отделалъул нухмалъулев М. ГIадилов, райзоялъул нухмалъулев ХIажи ГIалиев, Пачалихъияб банкалъул отделениялъул управляющий Базарган Гебеков, комсомолалъул райкомалъул секретарь МухIамад Давудов, партиялъул райкомалъул руччабазул отделалъул нухмалъулей Ханум ГIалиева, МелъелтIа росдал Советалъул нухмалъулев Бегав ГIалиханов.**

Росабалъ гIадамал хIалтIулел рукIана «Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе гIоло» абураб ахIиялда гъоркь. БакIарулеб букIана фабриказде битIизе квас, цIоко-тIом, къиматаб металл, рагъухъабазе битIизе ретIел-хьит, хинал квердахелал, щватаби, гьан, нах, пихъ, вехьасул тIагърал ва гIемераб цогидабги.

Мелъелдерица битIун буго 80 гIиял тIехь, 53 бачил тIом ва цIеялъул цIакал, 10 чул тIом, 162 дабагъ гьабун къачIараб тIехь, 33 квасул щватаби ва квердахелал, 20951 гъурущ. Гунаш Хочбаровас жинцаго кьун буго 4976 гъурущ. Цоги накладноялда рекъон росдал Советалъ 10200 гъурущ, колхозалъ 10000 гъурущ битIун буго. 1944 соналъин абуна танкабазул колонна гIуцIизе Ленинградалде бакълъулаз 1054922 гъурущ битIун буго, гьелда гьоркьоб мелъелдерица -155000 гъурущ. 1941-1944 соназ Гумбет районалъ солдатазе битIана 1246 посылка, 185 чIегIерхIайван, 167 кг. бакъвараб пихъ, 362 кг. бакъвараб гьан, 120 кг. нах, 845 кг. цIулакьо. ГIарцуде буссинабун, гьенире ритIарал сайгъатазул багьа бахана 280744 гъурущалде. Гьебго заманалда рагъухъабазе ретIел-хьит гьабизе пайда босизе фабриказде битIана 15777 кг. квас, 7160 цIоко-тIом. Рагъухъабазе хIажаталъе ритIарал кванил нигIматазда гьоркьоб букIана 11197 кг. тIощел, 45727 кг. картошка ва гIемераб цогидабги.

Аргъвани росулъа 50 чи ана рагъде, гIемерисел тIадруссинчIо, бесдаллъана лъимал. Аргъвани росдал жамагIаталъги рагъул соназ фронталъе кумек гьабуна. Республикаялъул архивалда ругел баяназда рекъон, битIун буго 121390 гъурущ. Кумек гьабун буго фронталда рагъулезул хъизабазе. Цо нухалъ кьун буго 8,5 тонна тIощел, 5 тонна картошка. Гьединаб кумек чанго нухалъ хадубккунги гьабун буго.

Фронталъулазе 2000 кг. картошка, 6000 гъурущ, Ленинградалъул танкабазул колоннаялъе 180411 гъурущ битIана ГIаркьухъ росдал гIадамаз. Рагъухъабазул хъизабазе кьун буго 5 тонна тIощел, 20 азарго гъурущ.

ТIад Инхо росулъа рагъде ана 47 гIолохъанчи, гьезул 28 чи тIадвуссинчIо, рагъул авлахъазда хутIана. БагIараб Армиялъе кIудияб кумек гьабуна тIадинхдерицаги. Фронталъе ритIана кванил нигIматазул, пихъил, гьанал, ратIлил посылкаби. Танкабазул колоннаялъе 38065 гъурущ кьуна.

Гьединабго кумек БагIараб армиялъе гьабуна Гъадари, Данухъ, Ингишо, ИчичIали, Килалъ, Игьали, Сивухъ, ЛъаратIа, ЦIиликь, ЦIунди-Щабдухъ, ЧIиркъатIа, ЧIикь ва цогидалги росабазул гIадамазги. Танкабазул колонна гIуцIизе гIарац гуребги, къиматаб металлалъул берцинлъиялъе хIалтIизарулел тIагIалаби кьуна Игьали росдал руччабаз.

Игьалиса рагъде аразул гIемеразе щвана орденал ва медалал. БагIараб байрахъ орден щвана МухIамад ГIалимчилаевасе, МухIамад Чупалаевасе, ГIабдулмажид Хъазанбиевасе. Тушманасул гуллаялъ борлъараб МухIамад Чупалаевасул комсомолалъул билет республикаялъул музеялда цIунун буго.

Рагъул соназда ЦIиликь росдал руччабаз цебехъанлъи бихьизабуна хурухъанлъиялда. Оцаз ва чуяз хурзалги рекьун, тIаде гIуру бегун ракьалги къачIан, цIилкьадерица хъутаналда гIезабуна цIоросаролъ ва щибаб гектаралдаса 45-50 центнер бакIарана. ЦIоросаролъ гIезабулезул звеноялда рукIана А. СагIадулаева, М. Хвачилаева, Г. АхIмадова, А. АхIматIханова, А. ХIасанова, Д. Аминова.

ЦIилкьадерица магIарухъ гIезабулаан картошка, ролъ, пурчIина, лъелъ. Жидеего кванazеги, рагъухъабазе битIизеги гIезарулаан нигIматал хъутаналдаги магIарухъги.

Рагъул соназ рес бугеб яшавалда рукIинчIо бакълъулал. Бихьинал рагъде аниги, захIматабщинаб хIалтIи тIубазабуна руччабаз. Рекьиги гьабуна, гIибоцIиги хьихьана, рагъде россалги ун хутIарал лъималазул тIалаб-агъаз гьаби ккаралги гIемерисел рукIана. Кинаб захIмалъи тIаде кканиги, рагъда бихьиназго гIадин, тылалда руччабазги гIемераб захIмат-гIакъуба хIехьана. Тушманасда тIад бергьенлъи боси букIана щивасул анищ.

КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 72 сон тIубаялда дандчIвай гьабизе хутIарал рагъул гIахьалчагIи бакълъулазул килщаз рикIкIинегицин хутIичIо, рагъул соназ хIаракатчилъи тылалда бихьизабуралги абадияб рокъоре «гочунел» руго. Мунагьалги чураги, алжанги насиб гьабеги гьезие.

**Муса Расулов**

ШАМИЛ ИМАМАС 220 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Имамасул ахирисеб хъала

**Имам Шамилие жиндирго ахирисеб хъала базе бокьун букIун буго Гумбет районалъул Килалъ росдал РочIчIоб магIарда. Шамилил вас ГъазимухIамадица инсухъе хъвараб кагътида абулеб буго: «Нижеца кIвар бугел бакIал щула гьаруна, лъикIаб къасдалдалъун бараб Килалъ хъалаялъул къадал рорхана, щулалъизаруна. Нилъер бугеб хIалалъул хIисаб гьабун бана гьеб щулалъи ва нижер хьул буго, гьелъул халгьабун хадуб мун разияв вукIинилан, дур шартIазде ва мурадалде данде ккелилан».**

Гьеб хъалаялде тIаде кIанцIизе, пачаясул аскараз гьужум гьабизе санагIатал бакIал щула гьарун къан рукIана. Шамилица гьеб хъалаялъубе босана Иматалъул буголъи, хазина, гIарадаби, тункIихарил нахърател, гьесда цадахъ хутIаразул къайи-къоно.

Амма, 1859 соналъул ихдал гIурус пачаясул аскараз гIемераб гIарада бана гьеб хъалаялде. Генерал-фельдмаршал Барятинскияс хъвавухъе, «кIиго соналъ цебеккунго пачаясгун цадахъ нижеца хIадурун букIана Шамил сверун ккевезе бигьаяб Гъуниб магIарде инавиялъул план».

Араб гIасруялъул 60-абилел соназда Килалъ росулъа 120 сон барав Гъазияс ва гьесдаса гьитIинав ИсубхIажица бицунаан, имам Шамил кутакалда рази вукIун вугин гьеб магIарда букIараб рагъулъ бакълъулаз гьабураб жигараб гIахьаллъиялдаса, гьеб цIунизе гIемерал рагъухъаби рачIиналдаса.

**Исрапил Заирбегов**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Дуниял цIунулеб рагIи анищ цо...

### МагIарул хъвадарухъабазул дандельи тIобитIана

**2017 соналъул 18 апрелалда Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалда тIобитIана авар адабияталъул къо. Республикаялъул Хъвадарухъабазул Союзалъул магIарул секциялъ гIуцIараб гьеб дандерусcиналда шагIирзабаз цIиял асарал цIалана ва рахъдал мацIги адабиятги церетIезариялъе гьаризе кколел ишал гьоркьор лъуна.**

«Дир рекIел дуниял… Дица гьеб кьуна кьурабалъ бижараб магIарул кочIой», - абун хъвана мунагьал чураяв ГIумар-хIажи Шахтамановас. Ахираб анцIгокъого соналда жаниб магIарул литератураялъе ккарал кIудиял камиязул бицун, ахираталде кьокьарал чIахIиял хъвадарухъаби ракIалде щвезаруна дандельиялда.

Миллиял секциязул дандерусcинал гьари ва цIиял асарал гьоркьор лъей Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалда жеги мунагьал чураяв ХIамзатил Расулицаго билълъинабураб къагIида ккола.

Дагъистан Республикаялъул Хъвадарухъабазул союзалъул авар секциялъул иргадулаб дандельи бачана гьеб секциялъул нухмалъулев, «Гьудуллъи» журналалъул редактор, шагIир, публицист, Дагъистаналъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан, Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Пачалихъияб премиялъул ва ХьахIаброслъа МахIмудил шапакъаталъул лауреат МухIамад ПатахIовас.

ЦIиял асарал цIалана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир **МухIамад АхIмадовас**, шагIирзаби **МухIамад ПатахIовас, МухIамад ХIамзаевас, Наби ГIисаевас, Шамил МухIидиновас, Макъсуд ЗайнулгIабидовас, АсхIабгIали ХIасановас, Къурбан КIулизановас, Залму Батировалъ, ХьистIаман СултIанбеговалъ, Залму МухIамадовалъ, Манарша ГIисаевалъ, Умарагьи СалихIовалъ, Сабигат МухIамадовалъ, ГIайшат ИбрагьимовалЪ** ва цогидази.

Гьединго дандерусcиналда кучIдул цIалана гIолохъанал шагIирзаби **ПатIимат ГIабдурахIмановалъ, ПатIимат МухIамадовалъ ва НасихIат ГIабдурашидовалъ.**

Асаразул гIолел-гIоларел рахъал рихьизаруна «Дагъистан» журналалъул бетIерав редактор ва «Миллат» басмаялъул генералияв директор, литературовед ва публицист **МухIамад БисавгIалиевас**.

Жакъа рахъдал мацIалъулги магIарул басмабазулги бугеб хIалалъул бицун, гьеб миллияб рухIияб хазина цIуниялъе хIакъалъулъ АхIмадовас цIалун буго «Миллат» басмаялда ПатIимат ГьитIиновалъул макъалаялда.

МагIарул хъвадарухъабазул дандерусcиналда гьединго рахъдал мацIалда мультфильмал гьариялъул, телевидениялдасан анкьил лъугьа-бахъинал кьеялъул, школазда, пачалихъиял идарабазда ва цоги гIуцIабазда авар мацIалъ кколеб бутIа цIикIкIинабиялъул суалал.

МагIарул мухъазде ва росабалъе гIадамалгун дандчIвазе жеги гIемер сапарал рухьине ккеялъулги, хъвадарухъабазул тIахьал



ва камил гьабиялъе гIумруялде рахьинаризе ккола тадбиразул рехсей гьабуна Авар мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъул нухмалъулей **Баху МухIидиновалъ** ва Авар басмабазул цолъиялъул бетIер **МухIамадрасул ГIумаровас.**

МагIарул мацI цIуниялъул хIалтIи гьабизе хасаб фонд гIуцIиялъул пикру загьир гьабуна МухIамад ХIамзаевас. Умумузул лъикIал гIадатал кIочон тезе бегьуларилан абуна МухIамад АхIмадовас. Гьес лъикIаб къимат кьуна Шамил мухъалъул ХIотода росулъ, мугьру бан, телефоналгун телевизоралги свинарун, бацIцIадаб магIарул мацIалда кIалъан, цоцазулгун накъиталгIуцIун, умумузул гIадат цIигьабиялъе. Цогидазги гьездасан мисал босизе ккелилан абуна АхIмадовас. Гьеб къагIида тIадбуссинабиялъул хIиритIизариялъулги, рахъдал мацIалъул мугIалимзабазул даража борхизабиялъулги, гIагараб мацIалъул дарсал лъималаз лъазариялъе умумузул тIалаб хIажат букIиналъулги, цоги кIвар бугел масъалабиги гьоркьор лъуна секциялъул дандерусcиналда.

ХIамзатил Расулица гьадин хъвана хъвадарухъанасул борчалъулъ хIакъалъулъ:

Дунял бижилелде, дида
рагIана,
РагIи букIанила цебе абулеб:
Я амру лъаларо, я гьа лъаларо,
Я гьари лъаларо, я как лъаларо.
Гьаб ругьназул цIураб, бида
бецIцIулеб
Дуниял цIунулеб рагIи анищ
цо:
Жибго амру гIадаб, жибго гьа
гIадаб,
Жибго гьари гIадаб, жибго как
гIадаб.

**ГIизудинил ХIамзат**

ТIИБ

# РакIазул тохтурасе – ракI-ракIалъул баркала

### ГIусман МахIачовас нус-нус унтарал сахгьаруна

**РукIуна гIадамал жидер гIамал-хасияталдалъунги, гьабулеб хIалтIудалъунги, лъикIал ишаздалъунги цогидаздаса тIокIал. Гьединавлъун вихьана нижеда кардиологиялъул ва рекIелгун бидурихьазул Дагъистаналъул централъул бетIерав тохтур Гъуниб районалдаса МахIачов ГIусман ГIабдулмаликович.**

ГIусманица жиндирго къадру борхизабун буго централъул хIалтIухъабаздехунги унтун регизе рачIараздехунги бугеб бербалагьиялдалъунги ракIбацIцIадаб захIматалдалъунги. Цоцалъ гьункараб, цоцазул адаб - хIурмат гьабулеб коллектив бугоан гьеб гIадамал сахгьарулеб идараялъул. ЦIакъго захIматал, операциял гьаризе кколел гIадамал Астрахань шагьаралде ритIаниги, МахIачов вачIаралдаса гьесги цогидал хирургазги рекIее операциял гьеб централда гьарулел руго.

Нижер кIудияб талихI ккана, батIи-батIиял гIузраби сахгьаризе гьеб централде ин. ГIусманица гьениб чIезабун буго гIадлу-низам, унтаразе санагIатал шартIал. Гьаб захIматаб заманалда унтарал лъикIаб тIагIамалъул кванидалъунги дарабаздалъунги хьезари бигьаяб иш гуро. Бихьана гьеб коллективалъул щивас жидерго тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразарулел рукIин, унтаразде хун недегьаб, хIеренаб бербалагьи букIин. Ниж цIакъго намуслъулаан, сахгьарулев тохтур гуревги, живго бетIерав врач МахIачов ахIвал-хIал, хIажатаб жо бугищан цIехезе, сахлъиялде божи лъезабулел рагIаби абизе палатабахъе вачIиндал.

Щибаб къо, щибаб сагIат гьесул букIуна хIалуцараб, унтаразул тIалаб-агьазалъул цIураб, гьезие гIоло рахIат хвараб. «Дун налъулав вуго дур ияхIалъе, дур къохIехьеялъе, дур гурхIелалъе, дур макьу лъаларел беразда цеве, дур рахIат лъаларел кверазда цеве» - гьедин хьвана Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатовас. Гьесул коллективалъеги мустахIикъал рагIаби руго гьел.

Щибаб кьоялъ рачIунел, сахлъун унел ва тохтуразабе, медсестрабазе, санитаркабазе баркала загьир гьабулел анцIанцI гIадамаз чIагольизабун букIуна гьеб центр.

Аллагьас халатаб гIумруги щулияб сахлъиги кьеги бетIерав врач ГIусман МахIачовасеги гьесул тIолабго коллективалъеги жеги лъикI гIадамазул сахлъи цIуниялъул хьаравулльуда хIалтIизе.

Гумбет районалдаса гьеб централда регарал ва сахлъун рокьоре щварал бихьиналги ручIчабиги дагьал гьечIо. Гьезда гьоркьор руго жидеегоги лъималазеги операциял гьаруралги, гьеб гьабичIого сах гьаруралги. Дида гьарана киназулго рахъалдасан «Гумбет» газеталдасан ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабеян ГIусман МахIачовасе, гьесда цадахъ хIалтIулезе.

Игьалиса **МухIамад МухIамадхIажиев, Ибрагьим Ибрагьимов, Шарипат Мансурова,** Инхоса **МухIамад ПирмухIамадов, МухIамад МусахIажиев, ГIалимат Мансурова,** МелъелтIаса **СайгидахIмад МухIамадов,** ЧIикьа **МахIмуд ГIалималаев.**

**Гьал цIарал хъваразул ва цогидазул рахъалдасан хъвана Инхоса АхIмад ХIамзатовас.**

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

# МагIишат гIуцIулезе кумекалъе

### Байбихьулел фермеразе – грантал

**2017 соналъул 12 апрелалдаса байбихьана Дагъистан Республикаялъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министерствоялъул грантазе заявкаби гIемерфункциялъулаб «Дир документал» централъул МелъелтIа бугеб филиалалъ къабул гьаризе. Гьеб министерствоялъул ва Дагъистаналда бугеб МФЦялъул къотIи-къаялда рекъон, грантазе заявкаби МФЦязул филиалазде араб соналдасаго къабул гьарулел руго.**

Гумбет районалъул МелъелтIа бугеб МФЦялъул минаялде, «Дир документал» централъул филиалалъул юрист **Асият ГIабдурахIмановалъухъе** рачIине ккола заявкаби кьолел. Филиалалде рачIун, хIажатал малъа-хъваялги гьарун, районалдаго тIубай лъикIаб иш буго фермеразе. Заявкаби кьеялъул болжал 12 апрелалда байбихьана, халат бахъине буго 2017 соналъул 5 маялъул сагIат 17:00 тIубазегIан.

Филиалалъул нухмалъулев **ГIумар МухIамадовас** абуна ДРялъул росдал магIишаталъул министерствоялъул грантазе ва субсидиязе документал хIадури, къабул гьари, ккелелъуре кьей МФЦялдасан тIубай районалъул гIадамазе санагIатаб къагIида кколин, филиалалда документал хIадуриялъул, гьарулел хъулухъазул хIакъалъулъ малъахъваялги щолин. Гранталъул заявкаби кьеялъул къагIидаби лъазе, бичIчIинчIеб суал ккани МФЦялъул филиалалъул гьаб номералде ахIизе бегьула: 89387778292.

Грантазе заявка кьеялъул къагIидабазул хIакъалъулъ гIатIидго хъван буго Гумбет районалъул сайталдаги.

**«Гумбет» РИО**

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Лъай кьуралъухъ, «Букварь», баркала дуе

### «Букваральулгун» къо-лъикI гьабуна

**МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 1 «а» классалда букIана «Букварь» лъугIиналъул байрам. Гьеб классалъул нухмалъулей Равзанат ХIасановалъ гьенире ахIун рукIана умумул, мугIалимзаби.**

Гьединго гIахьаллъана районалъул школазул нухмалъулелги. Гьеб рагьана ва букварь лъугIиналъул байрам лъималазда баркана Равзанат ХIасановалъ. ЛъикIаб программагун церерахъана цIалдохъаби. Гьез бихьизабуна лъайгун гьунар, лебаллъи, махщел. РикIкIана кучIдул, бихьизабуна кьурдизе бугеб махщел, хIана инсценировкаби ва гь. ц. ЦIалдохъабазе кьуна «Азбука цIалана» абурал дипломал.

Байрамалдаса разилъи загьир гьабуна ЦIаналъ аслияб школалъул директор СагIидбег МутагIиловас ва гьес классалъул нухмалъулелъе ва лъималазе кьуна гIарцулал сайгъатал.



Ахиралда 1 «а» классалъул цIалдохъабаз ва гьезул нухмалъулей Равзанат ХIасановалъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьалбадерие ва кьуна гьитIинало сайгъаталги.

**ГIайшат Исламбиева**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# 25 апреля 2017 года - Всемирный День борьбы с малярией

Управление Роспотребнадзора по Республике Дагестан в Ботлихском районе информирует, что 25 апреля 2017 года отмечается Всемирный День борьбы с малярией – World Malaria Day, установленный Всемирной организацией здравоохранения.

Девиз Всемирного дня борьбы с малярией 2017 года — «Инвестировать в будущее. Победить малярию!».

**Памятка для населения**

Малярия – паразитарная тропическая болезнь, характеризующаяся приступами лихорадки, анемией и увеличением селезенки. Существует 4 вида малярии: тропическая, трехдневная, четырехдневная и овале-малярия. Наиболее тяжелая - тропическая. Малярия передается от больного человека к здоровому при кровососании самок комаров. Существует и еще два пути заражения - при переливании крови и внутриутробный, когда больная малярией женщина заражает своего будущего ребенка. Попавшие, в организм человека во время укуса малярийных комаров паразиты циркулируют в крови, а затем заносятся в печень, в клетках которой и развиваются.

Инкубационный (скрытый) период развития паразитов колеблется от семи дней до трех лет. Такая амплитуда зависит от вида малярии, при тропической малярии инкубационный период короткий. Болезнь начинается с симптомов общей интоксикации (слабость, разбитость, сильная головная боль, познабливание). Затем наступают повторяющиеся приступы лихорадки, температура тела поднимается до 40 градусов и выше, держится несколько часов и сопровождается ознобом и сильным потоотделением в конце приступа. Если отмечается четкое повторение таких приступов через определенное время – ежедневно (через день или через два дня), следует подумать о возможном заболевании малярией и незамедлительно обратиться за медицинской помощью.

Тропическая малярия наиболее тяжелая форма малярии. Инкубационный период колеблется от 8 до 16 дней. За 3-4 дня до развития клинических симптомов могут отмечаться головная боль, утомляемость, тошнота, снижение аппетита. Начальные проявления характеризуются выраженным ознобом, чувством жара, сильной головной болью. В ряде случаев приступы малярии наступают без озноба. Лихорадка в начале заболевания может быть постоянной без выраженных приступов, что затрудняет диагностику. При поздней диагностике и задержке с лечением тропическая малярия принять «злокачественное течение». Особенно увеличивается риск развития «злокачественной» малярии при задержке с лечением более 6 дней от начала болезни. Летальность при тропической малярии колеблется от 10 до 40% в зависимости от времени начала лечения, правильного подбора противомалярийных препаратов и оснащенности клиники. Дети, беременные женщины и не иммунные взрослые более подвержены развитию тяжелой тропической малярии. Церебральная малярия -наиболее частое осложнение тропической малярии, при этом характерны судороги, ригидность, кровоизлияния в сетчатку.

Паразиты малярии находятся в крови больного человека и могут быть обнаружены только при исследовании крови под микроскопом. Лечение этой опасной болезни осуществляется с учетом вида возбудителя и его чувствительности к химиопрепаратам.

С целью профилактики малярии необходимо заблаговременно до выезда в эндемичные по малярии страны Африки, Юго- Восточной Азии, Южной Америки, принимать противомалярийные препараты.

За неделю до выезда в регионы неблагополучные по малярии, следует начинать регулярный прием противомалярийных препаратов, которые обеспечат защиту организма. Прием препарата необходимо продолжать весь период пребывания в местах неблагополучных по малярии и один месяц после возвращения на родину. Выбор лекарства зависит от страны пребывания, а его доза определяется врачом.

Также рекомендуется использовать средства защиты от укусов комаров: смазывать открытые части тела отпугивающими средствами (репеллентами), засетчивать окна и двери сеткой или марлей, обрабатывать помещения аэрозольными инсектицидами.

В случае ухудшения самочувствия (появление лихорадки) при возвращении из эндемичных по малярии стран необходимо обратиться за медицинской помощью.

**М.Р. Таймасханов,**
**начальник ТО Управления**
**Роспотребнадзора по РД**
**в Ботлихском районе**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Проверка исполнения бюджетного законодательства

**Прокуратура Гумбетовского района внесла в адрес глав 15 сельских поселений представления с требованием опубликовать ежеквартальные сведения о ходе исполнения местного бюджета и о численности муниципальных служащих местного самоуправления, работников муниципальных учреждений с указанием фактических расходов на оплату их труда**

Прокуратура Гумбетовского района провела проверку исполнения бюджетного и антикоррупционного законодательства.

В ходе проверки в администрациях сельских поселений Гумбетовского района выявлены существенные нарушения.

В частности, установлено, что администрациями сельских поселений Гумбетовского района в 2016 году ежеквартальные сведения о ходе исполнения местного бюджета и о численности муниципальных служащих местного самоуправления, работников муниципальных учреждений с указанием фактических расходов на оплату их труда не опубликованы (не обнародованы).

В результате нарушены права граждан на получение необходимой информации о деятельности органов местного самоуправления.

В связи с этим, прокуратура в адрес глав муниципальных образований внесла представления об устранении нарушений бюджетного законодательства.

**М.Н. Магомедов,**
**и.о. прокурора Гумбетовского района,**
**советник юстиции**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Внесены изменения в федеральный закон «О воинской обязанности и военной службе»

Федеральным законом от 22.02.2017 №19-ФЗ внесены изменения в Федеральный закон «О мобилизационной подготовке и мобилизации в Российской Федерации» и Федеральный закон «О воинской обязанности и военной службе».

Согласно принятому закону, в случае введения военного положения в соответствии с Федеральным конституционным законом от 30.01.2002 № 1-ФКЗ «О военном положении», призыв граждан на военную службу по мобилизации или направление их для работы на должностях гражданского персонала осуществляет призывная комиссия по мобилизации граждан, создаваемая в субъекте РФ, муниципальном районе, городском округе и на внутригородской территории города федерального значения решением высшего должностного лица субъекта РФ по представлению военного комиссара.

Председателем призывной комиссии по мобилизации граждан, создаваемой в субъекте Российской Федерации, является высшее должностное лицо субъекта Российской Федерации, а председателем призывной комиссии по мобилизации граждан, создаваемой в муниципальном образовании, - глава соответствующего муниципального образования.

Руководители федеральных органов исполнительной власти, высшие должностные лица субъектов Российской Федерации, главы муниципальных образований, главы местных администраций и руководители организаций несут персональную ответственность за осуществление своих полномочий и исполнение обязанностей в области мобилизационной подготовки и мобилизации.

Федеральный закон вступил в силу 5 марта 2017 г.

**Ш.М. Магомедов,**
**помощник прокурора**
**Гумбетовского района,**
**юрист 1 класса**

ДОКУМЕНТ

## Решение участковой избирательной комиссии МО «Село Ингиши»

**от 20 апреля 2017 г. №14 с. Ингиши**

**В соответствии с федеральным законом «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации»,** (статья 10, пункт 7;8 и статьей 71, пункт 8) и закона Республики Дагестан «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» (статья 12, пункт 3;5;6).

Назначить дополнительные выборы депутатов представительного органа МО «Село Ингиши» вследствии выбития из состава 3 (трех) депутатов, так как представительный орган остался в неправомочном составе.

Дополнительные выборы назначаются на 18 июня 2017 г.

**Председатель УИК с полномочиями МИК Курамагомедов Б.М.**
**Секретарь УИК**
**Абдулкадирова А.С.**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

**2016 соналъул хаслихъеялдаса тIагIун руго дир баси ва гIачIар. Баси – лъабилаб, чIегIераб, мугъзал чIоло борияб. ГIачIар – багIараб, лъабилаб. КIиялдаго гIуж: кваранаб гIиналда нахъа кIиго гIарти. Риидал гьел ГIархъини абулеб магъилъ рукIана, хадур ратичIо.**

**Гьарула рихьарас лъазабеян, гьел хьихьаралъухъ мухьги кьела. АхIе гьаб номералде: 89633738541.**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.